



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 4/18/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$1.4 MILYON NAN FINANSMAN SIBVANSYON
KLIMA REZISTAN PANDAN SEMÈN LATÈ A**

***Pwojè yo ap diminye enpak anviwonmantal sou aktivite ki gen rapò avèk agrikilti
epi ranfòse rezistans fèm yo nan Eta New York***

***Bidjè Eta 2016-17 gen ladan finansman anplis pou Dezyèm Wonn lan grasa Fon
pou Pwoteksyon Anviwonman***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse \$1.4 milyon nan prim finansman pou Pwogram Sibvansyon Fèm Klima Rezistan pou redwi enpak anviwonman sou aktivite ki gen rapò avèk agrikilti epi ogmante rezistans fèm yo toupatou nan Eta New York. Sibvansyon yo, ki te anonse pandan semèn latè a ap sipòte 11 pwojè sou fèm yo nan senk rejyon e lap ede redwi emisyon gaz greenhouse, ankouraje ekonomi enèji ak redwi enkyetid sou kalite tè a devan chanjman klima.

“New York alatèt peyi a nan pwoteksyon anviwonmantal e finansman sa chita sou pwogrè sa pou kreye yon eta ki pi pwòp, pi vè, pi rezistan,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Premye pwogram sibvansyon sa ap konsève ak pwoteje resous natirèl New York, pandan egalman lap asire fòs ak vyabilite kontinyèl fèm nou yo pou plizyè deseni kap vini.”

Pwogram Sibvansyon Fèm Klima Rezistan finanse grasa Fon Pwoteksyon Anviwonman e li te premye anonse nan mwa Oktòb nan kad Ajanda Opòtinite 2015 Gouvènè a. Bidjè Eta New York 2016-17 gen ladan finansman anplis grasa EPF pou devlope sou premye wonn sa epi bay asistans pou ede pwodikè agrikòl yo prepare pou ak pi byen jere enpak nan chanjman klima tankou plis gwo lapli ak peryòd sechrès.

Distri Konsèvasyon Dlo ak Tè Konte a te bay sibvansyon yo nan non agrikiltè yo pou youn nan kategori pwojè ki annaprè yo: kouvèti stokaj dechè agrikilti ak sistèm flanbe; rivyè fèm, sistèm jesyon dlo nan mòn; ak sistèm sante sòl la. Pou w jwenn yon lis konplè sou detay pwojè yo vizite: www.agriculture.ny.gov

Rejyon Finger Lakes

- \$429,929- Distri Sòl ak Dlo Konte Wyoming
- \$19,955 - Distri Sòl ak Dlo Konte Genesee (2 pwojè)
- \$157,160- Distri Sòl ak Dlo Konte Wayne (2 pwojè)

Rejyon Central New York

- \$268,350- Distri Sòl ak Dlo Konte Cortland
- \$102,127- Distri Sòl ak Dlo Konte Onondaga (2 pwojè)

Rejyon Lwès New York

- \$141,500- Distri Sòl ak Dlo Konte Erie

Rejyon Hudson Valley

- \$75,000- Distri Sòl ak Dlo Konte Orange

Capital Region

- \$26,705- Distri Sòl ak Dlo Konte Albany

Komisyonè Agrikilti Eta Richard A. Ball te deklare, “Pwojè yo ke fon pwogram sa finanse ap ofri benefis ki ale odela de fèm nou yo. Non sèlman lap pèmèt pwodikèt yo pi byen jere anviwonman, men anpil nan pwojè sa yo ap ajoute tou yon lòt kouch pwoteksyon nan resous natirèl avwazinan nou an pandan kondisyon move tan, epi redwi enpak sou kominote New York yo.”

Prezidan Komite Konsèvasyon Dlo ak Tè Eta New York Dale Stein te deklare, “Komite Konsèvasyon Dlo ak Tè gen anpil enkyetid sou posib konsekans chanjman klima sou kominote agrikòl la. Nou fyè pou n travay avèk patnè nou yo, enkli Depatman Agrikilti ak Mache, Cornell University, Distri Konsèvasyon Dlo ak Tè, e pi enpòtan ankò pou agrikiltè yo devlope pwen fò ankadreman jesyon anviwonman agrikòl nou an pou reponn a pwoblèm enpòtan sa nan amelyore rezistans epi redwi emisyon sou fèm yo nan Eta New York.”

Robert Simpson, prezidan Center State PDG ak ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Santral New York te deklare, “Pwogram Sibvansyon Fèm Klima Rezistan Gouvènè Cuomo ap sipòte ak amelyore endistri agrikòl Santral New York ki la depi lontan ak kominote rural nou yo, yon motè enpòtan pou ekonomi rejyonal nou an anjeneral. Envestisman sa yo enpòtan nan efò nou pou konekte resous natirèl abondan rejyon an pou teknoloji inovè kap ranfòse pwodui letye, fwi ak endistri legim.”

Dean Norton, Prezidan Biwo Fèm New York, te deklare, “Agrikiltè yo pa nati, ap fè jesyon anviwonman vini yon priyorite. Sibvansyon yo ap sipòte efò sa yo epi travay pou adrese defi agrikiltè yo ka andire avèk chanjman klima.”

Amanda Barber, Distri Dlo ak Tè Konte Cortland te deklare, “Pwogram sa te kreye yon nouvo opòtinite pou distri yo ankouraje ak enpleman pratik konsèvasyon. Pèspektiv ke fèm yo ap fè plis pase pwoteje anviwonman, men yo ka pi rezistan devan modèl tanperati kap chanje a e kondisyon yo konvenkan anpil.”

Greg McKurith, Distri Dlo ak Tè Konte Wyoming te deklare, “Sa a se yon pwogram enteresan kap chèche genyen anpil benefis lokal non sèlman nan Konte Wyoming men

toupatou nan eta.”

Prezidan Komite Agrikilti Sena Senatè Patty Ritchie te deklare, “Agrikiltè yo ap sibi anpil difikilte ke lòt pwopriyetè biznis yo pa sibi —sètadi, gen pou ajiste chanjman klima epi reponn a evènman move tan. Mwen kontan paske Eta New York yon fwa ankò ap envesti nan pwogram sa, ki pral non sèlman sipòte agrikiltè nou yo kap travay di, men egalman ranfòse endistri agrikòl la epi pwoteje resous natirèl enpòtan esansyèl nou yo.”

Prezidan Asanble Bill Magee, Prezidan Komite Asanble Agrikilti, te deklare, “Agrikiltè nou yo nan Eta konte sou bon tanperati, bon tè, lè pwòp ak dlo pwòp. Yo vle ede pwoteje resous natirèl yo toutotou epi pwoteje yo nan chanjman dramatik klima. Pwogram sa ap ede agrikiltè yo jwenn mwayen efikas ki a bon mache pou redwi emisyon nan fèm yo epi redwi enpak sou fèm yo kont inondasyon souvan ansanm avèk lòt fenomèn meteyolojik vyolan. Mwen vle felisite Gouvènè a, Komisyonè Ball ansanm avèk kòlèg lejislatif mwen yo paske yo sipòte finansman sa a.”

Pwogram Pilòt Fèm Klima Rezistan te premye anonse nan mwa Oktòb 2015. Yo te anonse plizyè lòt nouvo inisyativ ki santre sou klima pandan semèn Klima Eta New York la kap fèt nan dat 22-29 septanm. Sa yo gen ladan [\\$175 milyon](#) pou senk pwojè enèji a gran echèl pou ogmante jenerasyon elektrisite apati sous enèji renouvlab yo, yon pwojè [\\$35 milyon](#) pou fè bòdmè Roberto Clemente State Park Harlem River vini pi vè ak pi rezistan pou tanpèt, ak yon konpetisyon enèji [\\$3 milyon](#) pou kolèj ak inivèsite yo nan Eta New York.

Finansman pou pwogram sibvansyon Klima Agrikilti Rezistan vini nan Fon Pwoteksyon Anviwonman Eta New York e Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York ap jere l.

###

Lòt Nouvèl anplis disponib nan www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418